

Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI PWOJÈ LOJMAN SIPÒ POU VETERAN YO  
KI KOUTE 1.5 MILYON DOLA NAN LONG ISLAND**

*Finansman Eta Ede Kreye Lojman Sipò Pèmanan nan Konte Suffolk pou Veteran  
yo*

*Pwojè Sa Fè Pati Plan Sanzabri ak Lojman Abòdab 20 milya dola Gouvènè Cuomo  
an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi an reyalizasyon yon pwojè 1.5 milyon dola pou bay lojman sipò pèmanan a veteran ki te sanzabri ak fanmi yo nan Long Island. Finanse prensipalman atravè Pwogram Asistans Lojman ak Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) eta a, devlopman an gen ladan li twa (3) kay yon sèl fanmi ak yon total 15 kabann nan vilaj Central Islip nan Konte Suffolk.

“Eta New York pran angajman pou li sèvi moun ki te sèvi peyi yo, epi pwojè lojman sipò sa a asire ke fanm ak gason vanyan sa yo gen yon kote pou yo rele lakay”, **Gouvènè Cuomo te deklare**. “Pwojè sa pral ede veteran sanzabri yo ak sa ki te sanzabri yo nan Long Island jwenn yon lojman pèmanan epi atenn yon estabilite pou yo menm ak fanmi yo.”

“Nou pran angajman pou nou investi nan pwogram ak sèvis pou sipòte rezidan New York ki plis vilnerab yo, ki gen ladan veteran vanyan nou yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Finansman sa a pou lojman favorab nan Long Island pral ede asire yon kote ki gen kalite ak abòdab pou veteran ki te sanzabri yo ak fanmi yo pou yo viv epi pou nou kontinye efò nou pou konbat sanzabri atravè eta a.”

Pwojè a te resevwa 1.3 milyon dola nan men Pwogram Asistans Lojman ak Sanzabri, ki jere pa Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta a. Concern for Independent Living, yon ajans san bi likratif baze nan Long Island, te finanse depans ki te rete nan pwojè a epi li pral bay sèvis sipò pou kay yo, ki gen ladan li lyen ak lòt sèvis andedan kominote a.

**Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an nan Eta New York, Mike Hein, te deklare**, “Eta New York gen yon obligasyon pou li ede moun ki te sèvi peyi nou an avèk anpil kouraj - espesyalman sila yo ki se veteran ki vinn fè fas a de moman difisil. Kay sa yo pral bay veteran yo ansanm ak fanmi yo lojman pèmanan ak sèvis sipò fyab pou yo gen yon nouvo depa. Pwojè sa a reprezante yon lòt etap nan objektif nou pou derasinen sanzabri nan mitan veteran nou yo yon fwa pou tout”.

**Direktè Ekzekitif Adjwen nan Divizyon Afè Veteran nan Eta New York lan (New York State Division of Veterans' Affairs), Joel Evans, te deklare,** “Eta New York la pwomèt veteran li yo ak fanmi yo lè yo retounen yo pral pran swen yo. Kay sa yo se egzantp konkrè sou fason Eta New York la kenbe pwomès sa a veteran sa yo ak fanmi yo ki nan plis bezwen. Lyen adisyonèl avèk sèvis sosyal yo pral jwe yon wòl enpòtan pou asire siksè alontèm veteran sa yo ak fanmi yo nan Konte Suffolk la. Atanke yon veteran U.S. Navy, mwen fyè pou mwen fè pati efò Gouvènè Cuomo ak Eta New York la pou mete yon fen a sanzabri pou veteran New York yo ak fanmi yo”.

Yo te konstwi nouvo kay yo sou yon teren Konte Suffolk te bay anba Lwa Lojman Pou Ewo Sanzabri Nou Yo (Housing Our Homeless Heroes Act) la, yon lwa lokal yo te adopte nan lane 2014 epi ki vize pou mete yon fen a veteran ki sanzabri nan rejyon an. Plis pase 75,000 veteran abite nan Konte Suffolk la, ki gen pi gwo popilasyon veteran nan Eta New York la.

Chak kay enèji-efikas epi gen aksè fasil pou andikape. Rezidan yo gen aksè avèk sèvis sipò tankou jesyon ka, sèvis planifikasyon, konsèy reyabilitasyon, entèvansyon kriz ak sèvis èd ijans 24 èdtan ak fòmasyon pwofesyonèl.

Concern for Independent Living fè plis pase 850 inite lojman nan Konte Suffolk an fonksyone, Konte Nassau ak Brooklyn, ki gen ladan li 60 inite pou veteran sanzabri ke Pwogram Asistans Lojman ak Sanzabri an te sipòte. Ajans la bay sèvis asistans ak lojman avèk anviwon 1,000 moun, ki gen ladan li 100 timoun.

Pwojè an se yon pati nan Plan Aksyon Sanzabri ak Lojman Abòdab (Affordable Housing Action Plan) 20 milya dola Gouvènè Cuomo, k ap konbat sanzabri pandan y ap bati epi konsève plis pase 110,000 inite lojman abòdab ak 6,000 inite lojman sipò. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan devlopman lojman kominotè kolektif ak pou yon sèl fanmi, ak estabilizasyon lwaye.

**Senatè Monica Martinez te deklare,** “Li enpòtan anpil pou nou pran swen veteran nou yo, epi pwogram tankou sa a pral ede nou konbat to sanzabri ki wo nan mitan kominote sa a. Mwen salye Inisyativ Gouvènè an, epi se yon gwo pa nan bon chemen an, men toujou gen travay ki pou fèt pou garanti sante ak sekirite veteran yo nan Long Island”.

**Manm Asanble Lejislativ la, Steve Stern, di,** “Antanke moun ki ekri Lwa Lojman Pou Ewo Sanzabri Nou Yo, li fèm plezi anpil pou mwen wè vizyon sa a ap tounen reyalyte. Jounen jodi a make yon nouvo depa pou veteran sa yo ak fanmi yo nan Konte Suffolk. Jodi a nou di antanke yon kominote lè yon sòlda ale nan lagè pou pwoteje sòl nou kanpe sou li a, li pa aksetab pou li rantre lakay li pou se sou li kouche. Mèsi a Gouvènè Cuomo, Chèf Egzekitif Konte Suffolk la Steve Bellone, Direktè Ajans Veteran Konte Suffolk (Suffolk County Veterans Services Agency) Tom Ronayne, ak Concern for Independent Living pou asistans yo pou fè jodi a posib”.

**Chèf Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, te deklare,** “Konte Suffolk se kote ki abrite pi gwo popilasyon veteran nan Eta New York la epi li se obligasyon nou pou onore ak ede ewo nou yo ki te fè anpil sakrifis pou pwoteje libète nou yo. Mwen rekonesan anpil a Gouvènè Cuomo epi Concern for Independent Living pou lidèchip yo pou jan yo abòde kesyon veteran sanzabri yo nan Long Island epi bay finansman

nesesè pou rann pwojè sa posib. Nou pral kontinye travay avèk tout asosye nou yo pou ede veteran nou yo ki gen nesesite avèk sipò ak sèvis yo bezwen ke n ap bay yo”.

**Ralph Fasano, Direktè Egzekitif Concern for Independent Living, te deklare** “Nou vle remèsye Gouvènè Cuomo ak anplwaye OTDA yo pou finansman ke yo bay ki rann pwojè sa posib, menm jan avèk Chèf Egzekitif Konte a Steve Bellone epi Manm Asanble Lejislativ Eta New York la Steven Stern, ki te mete teren sa a disponib. Patenarya tankou sa yo enpòtan pou mete fen ak sanzabri nan mitan Veteran nan Long Island yo”.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)